

Kijan ou ka evite kolera

Kolera kapab anpeche le ou fe ijien ou byen, pandan wap trete dlo avan ou bwel, ou dwe byen kwit aliman yo pandan wap fe atansyon avek manje e le wap fe atansyon avek li.

Sanitasyon

. bati twalèt ijans yo anviron 30 mètr de tout sous dlo . asire pou tout moun netwaye latrin la byen.

- **Toujou sonje lave men nou apre nou soti nan twalèt.**
- **Toujou lave men nou avan nou ale nan kizin, e avan nou touche manje yo.**
- mete ko yo lwen sous dlo yo
- toujou lave men yo apre ou fin touche yon ko.
- Pa vwayaje anpil pou nou pa atrape jem lan.



Dlo

- pa janm bwe dlo kip a trete
- Trete dlo a pou o mwen 2 fason diferan
- **Filtre dlo a nan yon moso twal byen**
- **oubyen bouyi dlo a.**
- **Filtre dlo nan yon moso twal pwop oubyen sitron vèt nan dlo a.**



- **Filtre dlo a nan yon moso twal byen pwop, sab oubyen mete klorox.**

Nouriti

- toujou netwaye aliman ni veso yo avek dlo trete. kwit manje yo byen e manje li le li tou cho
- Pwason kristase yo se koz maje maladi kolera, manje yo le yo byen kwit.
- Pa melanje manje kwit e manje kwi, tankou salada k vyand.
- Yon moun ki enfekte pa maladi kolera li pa dwe touche manje nan kizin.
- Lave légim e fri yo avek dlo byen pwop.
- Byen souke legim yo e fri yo le nou ap prepare yo
- Pa manje ak plizye moun nan menm veso, men separe yo apa.

Prepare twalet ijans

An ka ijans, Aloske latrin yo ki pi estab yo ap konstwi , ou ka fouye yon fos pedi tanporè solisyon an, se pou ka elimine tout vye maladi kontajyez . ou ka fouye yon twou pou pi piti 50 santimet e 20 met tankou yon pi oubyen yon lot sous dlo potab, le sa vin posibil, fos la dwe pou pi piti 6 mètr kay la pou pi pwoch. li pa ta dwe sitye two pre sous dlo ki kreze nan sol marekajez la. pwofonde fos pedi a pa dwe penetre, apre ou fin itilize li, ou dwe mete yon kouch tè sou pou pou lè ou fin twalèt, sitou nan yon zon ki pi touche pa maladi kolera, foss pèdi a dwe bouche chak jou avek yon kouch lacho.



Koman ou ka idantifye kolera

Siy E Sintom

Kolera se yon maladi ki tre grav ki vini sou fom dyare ki koze pa yon mikrob nan dlo yo. Kolera pwopaje byen vit e ki ka lakoz anpil moun mouri. Sintom yo se:

- **Dyare "tankou dlo e diri" an trè gran kantite**
- **Vomisman,**
- **vant fe mal**
- **Kramp nan janm**
- **Feblès**

Dyare e vomisman ka kondwi ou dezidrate byen sevè e li ka choke ou .san trètman si ou pa kouri ale lopital, ou ka mouri byen rapid nan yon ti moman.pou ka ede tout moun nan kominote a,konen tout enfomasyon sa yo pou evite kolera. tout moun dwe patisipe nan aktivite sa yo :

- ❖ **Pirifye dlo yo**
- ❖ **Sanitasyon**
- ❖ **Byen prepare aliman yo**
- ❖ **Aprann fe fomil réidratasyon oral la**

Pou évite kolera ou pa bezwen panike kominote kote wap viv la,pataje enfomasyon ki enpotan .konnen sa kolera ye, ou ka trete lè wap pwoteje tout moun.

Koman pou trete KOLERA

Trètman ki pi senp lan se serom oral.

Sof le ka grav, antibyotik yo pa nesesè.

Le yon moun gen dyare e vomisman ou nenpot vomisman, pa tann ou komanse dezidrate, aji byen vit. bwè anpil likid tankou dlo avek soup oubyen bwason pou reidratasyon.

Pa fose malad yo manje.

Bay malad yo bannan e dlo kokoye

Lè ke moun lan malad ba li anpil manje, ba li manje regilyemane tout tan. Pou bébé yo, Kontinye ba yo let matenel souvan- e avan lot bwason.

Bwason reidratasyon ede moun preveni ou trete dézidratasyon an. Li pa geri dyare ni kolera, men li ka ba ou yon ti tan pou maladi an ale.

Bwason réidratasyon :

Men de fason nou ka fabrike bwason reidratasyon . Si ou kapab, ajoute yon demi tas ji oubyen fwi, dlo kokoye, oubyen pire bannan mi. Sa gen anpil potasyom, yon mineral ki ede moun malad dijere manje avek bwason byen.

Bay moun malad la anpil goje nan bwason sa chak 5 minit, lannwit kou lajounen , jiskaske li komanse pipi nomalman.

Yon moun ki wo anpil ap bezwen 3 lit ou plis pa jou. Yon timoun dwe pran omwen 1 lit pa jou, 1 kiye sel pou chak gode dlo. Kontinye bay bwe souvan pa ti goje.

Menm si moun lan ap vomi, se pa tout bwason an lap vomi.

Fabrike avek séréal an poud e avek sel

Diri an poud se meye a. Men ou ka itilize mayi moulen fen, farin ble oubyen pire pom de tè.

Yon dlo pwop, (2 boutèy koka kola an vè)

Mete yon kiyè a soup nan SEL.



e 8 gro kiye SEREYAL an poud.



Bouyi l pandan 5 a 7 minit pou fome yon likid bouyi. Refwadi bwason an rapid e aprè bay malad la bwè li.

ATANSYON: Goute bwason an chak fwa avan ou bay malad la bwè pou ka asire ke bwason an toujou bon. Lè li fè cho, bwason ou fè ak sereyal la pap bon anko.

Fabrike avek sik e sel.

(Ou ka itilize sik jon olye ou itilize sik blan.)

Nan yon lit dlo pwop, mete yon kiye kip a fin plen ak SEL,



E 3 kiye a soup a demi plen ak SIK. Byen melanje l.



ATANSYON: Avan ou ajoute sik, goutte bwason an pou ka asire si li pa two sale.

Koman ou kapab trete dlo a pou bwe l e pou ka fe manje.

Toujou utilize boutey oubyen resipyan pwop pou ka mete dlo!

Dlo ki nan sifas, siten oubyen pi ouve ka kontamine pa maladi kolera e avek anpil lot maladi. Dlo sa dwe byen trete avan ou bwe !!

Gen plizye fason ou ka trete dlo yo ki nan sous oubyen nan siten ki kapab kontamine.

Mwayen ki pi rapid yo se bouyi, dlo javel oubyen ajoute lacho oubyen sitron. Nenpot koman li trete, dlo a dwe filtre avan pou tretman ka fonksyone.



1. Filtrasyon dlo

• Kite dlo a repoze jiskaske sa wap mete pou trete l la fonn e dlo a dwe klè.

• Por utilize filtraj avek tisi: Pliye yon chifon pwop 4 fwa, evite e marel tout nan bo bokit wap sevi pou filtre l la .

• Vide dlo a sou tisi pwop wap filtre l la oubyen ou ka fe yon filtraj ak sab tou ou chabon. Vide dlo a nan yon po dousman sou tisi a.



Aprè le ou fin itilize tisi , lave l e kite l chech nan soley pou sechel oubyen dezenfekte l avek dlo javel pou ka tiye jèm yo.

2. Bouyi oubyen klorox

Bouyi :

• Bouyi dlo a pandan 1 minit.

• Vide dlo a nan yon resipyan pwop pou ka fe li fret.



Fason ou ka itilize dlo javel la

Paske dlo javel la se fason ki pi fasil tankou klorox, tablo sa montre ou koman pou ou dezenfekte dlo avek dlo klorox .dlo javel la gen diferan kantite klorox ,Men koman pou pirifye dlo avek klorox a 5.5%(fason ki pi itilize an ayiti).

Dlo	Klorox
Pou yon lit dlo :	2 gout
Pur yon galon, (4 lit)	5 gout
Pou 5 galon : 20 lit	25 gout
Pou yon baril 200 lit	3 kiye a soupe

Ajoute kantite klorox sa, pou ka netwaye dlo yo e tann omwen 30 minit avan ou bwe l .si dlo a pa kle,wap bezwen de fwa vale klorox ou te mete a.


Itilizasyon fey lim oubyen sitron (Metod sa pap tiye tout jem yo, men wap asire ke ou pa arape kolera)

- Ajoute yon kiye ji sitron oubyen 2 pou yon lit dlo pou nou kapab tiye jem kolera .
- Vide dlo yo nan yon veso pwop.

3. Kenbe veso dlo yo pwop.

• Asire pou resevwa dlo yo toujou rete pwop! Fok nou pa mete veso sal, pa mete anyen nan resevwa dlo a. vide dlo nan gode pwop.

Teknik pou nou lave men nou



TOUJOU LAVE MEN NOU AVEK DLO PWOP E TRETE

LE POU NOU LAVE MEN NOU

- ☐Avan nou ale fè manje;
 - ☐Avan e aprè nou fin manje;
 - ☐Avan nou bay timoun manje;
 - ☐Après nou soti nan twalèt;
- Imedyatman aprè nou fin manyen vomisman rad sal epi sèl toujou lave men nou.

KOMAN POU NOU LAVE MEN NOU ?

1. Retire tout bijou e **koupe zong nou**.
2. Itilize savon e yon bwos pou nou netwaye anba zong nou e otou
3. **Fwote men nou** jiska koud men nou.
4. Apre nou fin lave men nou mete men nou anle pou dlo a ka koule soti nan koud nou.
5. Fèmen robinè yo avek koud nou.